

Non: _____



Haitian Creole Edition
Grade 7 2026
Mathematics Test
Session 1
Spring 2026

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk Egzamen Matematik Seyans 1

7^{yèm ane}

Prentan 2026

RELEASED QUESTIONS

Seyans 1



KONSÈY POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk ide k ap ede ou fè ekzamen an pi byen:

- Li chak kesyon ak atansyon. Pran tan ou.
- Ou genyen yon règ, yon rapòtè, ak yon fèy referans, ak yon kalkilatri ou ka itilize pandan ekzamen an si yo ka ede ou reponn kesyon an.

1 Mesye Joseph te peye yon total \$540,00 pou yon nouvo sistèm jwèt ak jwèt. Li te peye \$300,00 pou sistèm jwèt la ak \$60,00 pou chak jwèt. Konbyen jwèt Misye Joseph te achte?

- A 3
- B 4
- C 5
- D 9

2 Yon gwoup kat elèv ap jwe yon jwèt pandan yo itilize yon pake kat. Kat ki nan pil la make ak yon nonb antye ki soti nan -10 jiska 10 . Chak elèv tire de kat nan pil la epi li jwenn sòm de kat yo pou detèmine nòt li. Yo montre anba a de kat chak elèv tire.

Alberto

-4	3
------	-----

Jenny

-5	5
------	-----

Lisako

-2	-2
------	------

Paul

1	-1
-----	------

Ki elèv ki gen yon nòt 0?

- A Alberto ak Jenny
- B Jenny ak Lisako
- C Alberto ak Paul
- D Jenny ak Paul

KONTINYE

3

Yon fèm vann miti pa liv bay kliyan yo. Tablo ki anba a montre relasyon ki genyen ant pri a , p , an dola, ak kantite liv miti, b , ki vann.

PRI MITI

Liv Miti, b	Pri (dola), p
2	\$11,98
4	\$23,96
6	\$35,94

Ki deklarasyon ki dekri yon konstan pwopòsyonalite pou relasyon ki genyen ant pri a , p , an dola, ak kantite liv miti, b , ki vann.

- A Pri pou chak liv la se \$0,17.
- B Pri pou chak liv la se \$5,99.
- C Pri pou chak liv la se \$9,98.
- D Pri pou chak liv la se \$11,98.

4

Ki valè ekspresyon an $\left(-\frac{5}{6}\right) \div \left(-\frac{1}{3}\right)$ genyen?

- A $-2\frac{1}{2}$
- B $-\frac{5}{18}$
- C $\frac{5}{18}$
- D $2\frac{1}{2}$

KONTINYE

5 Y ap itilize yon tiyo dlo pou ranpli yon pisin 3.000 galon. Dlo ap koule nan tiyo a ak yon to konstan. Si pisin lan plen konplètman nan $2\frac{1}{2}$ èdtan, konbyen galon dlo yo te ajoute nan pisin lan chak èdtan?

- A** 300
- B** 600
- C** 1.200
- D** 7.500

6 Shameka ap ekonomize pou yon nouvo twotinèt ki koute \$248,00. Li deja ekonomize \$100,00. Li vle achte twotinèt la nan 8 semèn lè li ekonomize menm kantite lajan an chak semèn. Ki pi piti kantite lajan, an dola, Shameka ka sere chak semèn pou atenn objektif li?

- A** \$16,45
- B** \$18,50
- C** \$31,00
- D** \$43,50

KONTINYE

7

Tablo ki anba a montre yon relasyon pwopòsyonèl ant y epi x .

x	y
2	0,6
3	0,9
4	1,2
5	1,5

Ki ekwasyon ki reprezante relasyon pwopòsyonèl la?

A $y = x + 0,3$

B $y = x + 3,\bar{3}$

C $y = 3,\bar{3}x$

D $y = 0,3x$

8

Pou dejene, elèv yo ka chwazi yon sèl manje ak yon sèl kalite ji. Manje ak varyete ji ki disponib yo nan lis anba a.

- manje: ze, pen griye, krèp, sosis
- kalite ji: pòm, rezen, zoranj

Konbyen opsyon dejene elèv la ka chwazi, ki gen ladan yon sèl pla ak yon sèl kalite ji?

A 3

B 4

C 7

D 12

KONTINYE

- 10** Madan Morgan touche \$15,50 pa èdtan ap travay nan yon biwo. Madi li pase $1\frac{1}{3}$ èdtan ap ranpli papyè, 1 èdtan ak 25 minit voye imel, epi $3\frac{1}{4}$ èdtan pou pran randevou. Konbyen lajan Madan Morgan touche nan madi?
- A** \$77,50
- B** \$89,90
- C** \$93,00
- D** \$108,50

KONTINYE

11

Ki ekspresyon ki ekivalan ak $3(5x + 2) - 2(6x - 7)$?

- A $23x$
- B $-11x$
- C $3x - 5$
- D $3x + 20$


12

Jessica louvri yon kont epay ak yon depo \$1.200,00. Li pa t fè okenn lòt depo oswa retrè pandan 4 an epi li te touche \$144,00 nan enterè senp. Ki to enterè anyèl bank la te itilize pou kalkile enterè senp lan?

- A 0,3%
- B 2,7%
- C 3,0%
- D 4,8%

KONTINYE

Grafik ki anba a montre pri valiz kado nan yon magazen.



Selon grafik la, ki deklarasyon ki vre?

- A To inite a se \$0,20 pou chak valiz kado.
- B To inite a se \$1,00 pou chak valiz kado.
- C To inite a se \$2,00 pou chak valiz kado.
- D To inite a se \$5,00 pou chak valiz kado.


KONTINYE

14

Nimewo gòl de ekip foubòl yo make nan chak nan 17 match pandan yon tounwa montre nan tablo ak nan grafik apwen ki anba a.

EKIP A

Kantite Gòl	Frekans
0	2
1	4
2	2
3	3
4	6

EKIP B

Ki ekip ki te gen yon pi gwo kantite gòl medyàn nan yon match epi ki kantite gòl medyàn ekip sa a te make?

- A** Ekip A ak yon medyàn 3 gòl ki make nan yon match.
- B** Ekip A ak yon medyàn 4 gòl ki make nan yon match.
- C** Ekip B ak yon medyàn 2 gòl ki make nan yon match.
- D** Ekip B ak yon medyàn 3 gòl ki make nan yon match.

15

Kisa ki pwodwi $-\frac{1}{5}$ ak $\frac{3}{8}$?

- A** $-\frac{8}{15}$
- B** $-\frac{3}{40}$
- C** $\frac{3}{40}$
- D** $\frac{8}{15}$

KONTINYE


17

Joyce ap achte yon laptop. Pri orijinal laptop la se \$279,00. Li itilize yon kupon pou yon rabè 10% sou pri orijinal la. Yo aplike yon taks sou lavant 8,875% sou pri rabè a. Konbyen Joyce peye, an total, pou laptop la, awondi nan santim ki pi pre a?

- A \$228,81
- B \$260,13
- C \$273,39
- D \$334,14

KONTINYE

Nan yon klas syans, elèv yo te mete 8 plant tomat nan solèy total ak 8 plant tomat nan lonbray. Yo te mezire wotè plant yo epi yo te anrejistre apre plizyè semèn. Yo montre rezilta yo nan grafik a pwen anba yo.







Ki deklarasyon ki **pi byen** dekri done yo?

- A** Wotè plant yo nan solèy total la te varye plis pase wotè plant yo nan lonbray la.
- B** Wotè plant yo nan lonbray la te pi gran pase wotè plant yo nan solèy total la.
- C** Wotè mwayèn plant yo nan solèy total la te pi gran pase wotè mwayèn plant yo nan lonbray la.
- D** Wotè mwayèn plant yo nan lonbray la te pi gran pase wotè mwayèn plant yo nan solèy total la.

KONTINYE

19

Ki grafik ki reprezante yon relasyon pwopòsyonèl?



20

Yo montre yon ekwasyon anba a.

$$4(x + 2) = \frac{12}{-0,25}$$

Ki valè x ki fè ekwasyon an vre?

- A** $-12,5$
- B** -14
- C** -50
- D** -56

KONTINYE

21

Yo peye yon atis \$20,00 pou travay nan yon fèt anivèsè, plis \$5,00 pou chak pòtrè ki pentire pandan fèt la. Atis la ta renmen touche omwen \$200,00 nan fèt la. Ki inegalite ki reprezante kantite pòtrè, x , atis la ta dwe pentire pou l touche omwen \$200,00?

- A $20x + 5 \leq 200$
- B $20x + 5 < 200$
- C $5x + 20 \geq 200$
- D $5x + 20 > 200$

22

Bianca te kreye yon desen a echèl chanm li an pou yon pwojè klas kote li itilize yon echèl 1 pye pou 1,5 cm (santimèt). Kabann rektangilè Bianca a mezire 10,5 cm (santimèt) nan longè ak 5,25 cm (santimèt) nan lajè nan desen an. Ki sifas aktyèl la, an pye kare, nan kabann Bianca a?

- A 24,5
- B 36,75
- C 55,125
- D 124,03

23

Ki ekspresyon ki ekivalan ak $7 - 2(3x + 6) - 4x$?

- A $11x + 6$
- B $11x + 30$
- C $-10x - 5$
- D $-10x + 13$

KONTINYE

25 Mateo genyen \$20,00 pou depanse nan yon magazen. Li depanse $\frac{2}{5}$ nan lajan l sou yon chemiz. Apre sa, li achte yon pake chiklèt ak 10% nan lajan ki rete l la. Konbyen lajan an total Mateo depanse nan magazen an?

- A** \$8,80
- B** \$9,20
- C** \$10,80
- D** \$13,20

KONTINYE

26 Ki valè $\left(\frac{4}{5}\right)(0,2)\left(-\frac{5}{8}\right)$ genyen?

A $-\frac{1}{10}$


B $-\frac{3}{8}$

C $\frac{1}{10}$

D $\frac{3}{8}$

KONTINYE

Grafik ki anba a montre relasyon ki genyen ant kantite ji a, y , ki ka fèt ak x pòm.



Ki pwen sou grafik la ki gen yon kowòdone y ki reprezante kantite ons likid ji ki fèt ak 1 pòm?

- A pwen P
- B pwen Q
- C pwen R
- D pwen S

KONTINYE

29

Elèv nan kat klas lekòl presegondè te kolekte lajan pou yon vwayaj edikatif. Kantite lajan chak klas te kolekte a dekri anba a.

- Klas Madan Strazullo a te kolekte \$153,45.
- Klas Mesye Fiorentino a te kolekte \$123,23 an plis pase klas Madan Strazullo a.
- Klas Madan Rubas la te kolekte \$176,32 an mwens pase klas Mesye Fiorentino a.
- Klas Mesye Smith la te ranmase \$234,89 an plis pase klas Madan Rubas la.


Si pri total vwayaj edikatif la se \$800,00, konbyen lajan anplis yo te ranmase?

- A \$65,74
- B \$112,11
- C \$687,89
- D \$865,74

KONTINYE

30

Pwa 9 chat granmoun yo anrejistre sou grafik pwen ki anba a.



Ki etikèt pou liy nimewo a ki ta ka itilize pou idantifye inite mezi pou done yo nan grafik pwen an?

- A kantite chat
- B kantite ane
- C kantite pous
- D kantite liv

31

Yo montre yon ekwasyon enkonplè anba a.

$$(5,2 - 1,6) + (\underline{\quad? \quad}) = 0$$

Ki ekspresyon ki konplete ekwasyon an pou fè li vre?

- A $5,2 + 1,6$
- B $5,2 - 1,6$
- C $-5,2 - 1,6$
- D $-5,2 + 1,6$

KONTINYE

32 Ki ekspresyon ki ekivalan ak $-\frac{1}{4}(12x - 6)$?

A $3x + 6$

B $3x - 6$

C $-3x + 1\frac{1}{2}$

D $-3x - 1\frac{1}{2}$

7yèm ane
Egzamen Matematik
Seyans 1
Prentan 2026

Grade 7
Mathematics Test
Session 1
Spring 2026

Non: _____



Haitian Creole Edition
Grade 7 2026
Mathematics Test
Session 2
Spring 2026

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk Egzamen Matematik Seyans 2

7 yèm ane

Prentan 2026

RELEASED QUESTIONS

Seyans 2



KONSÈY POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk ide k ap ede ou fè ekzamen an pi byen:

- Li chak kesyon ak atansyon. Pran tan ou.
- Ou genyen yon règ, yon rapòtè, ak yon fèy referans, ak yon kalkilatri ou ka itilize pandan ekzamen an si yo ka ede ou reponn kesyon an.
- Asire w ou montre kijan w fè jwenn repons lan lè yo mande ou sa.
- Asire w ou eksplike repons ou an lè yo mande ou pou fè sa.

33

Tablo ki anba a montre kantite galon gazolin kliyan yo mete nan machin yo ak pri total yo te peye a.

PRI GAZOLIN

Galon, g	Pri Total, p
3	\$9,63
5	\$16,05
9	\$28,89

Ki ekwasyon ki reprezante relasyon ki genyen ant pri total la, p , ak galon gazolin ki achte, g ?

- A $p = 0,31g$
- B $p = 3,21g$
- C $p = 6,42g$
- D $p = 9,63g$

34

Ki ekspresyon ki ekivalan ak $\left(\frac{-45}{-9}\right)$?

- A $-\left(\frac{45}{9}\right)$
- B $\frac{-45}{9}$
- C $\frac{45}{-9}$
- D $\frac{45}{9}$

KONTINYE

35

Madan Suarez achte 4 pake kreyon pou \$4,48. Chak pake kreyon gen menm pri a. Ki pri inite kreyon yo, an dola pou chak pake?

- A \$0,48
- B \$0,89
- C \$1,12
- D \$4,00

36

Ashley achte yon liv ki an rabè pou 25% sou pri orijinal la, x . Ekspresyon an $x - 0,25x$ ka itilize pou detèmine pri final liv la. Ki ekspresyon yo ka itilize tou pou detèmine pri final liv la?

- A $0,25x$
- B $0,75x$
- C $0,25x - x$
- D $0,75x + x$

KONTINYE

37

Jayden te fè yon desen echèl teren baskètbòl rektangilè a nan lekòl presegondè li a.


- Desen an gen yon echèl de 1 pous pou 24 pye.
- Longè reyèl teren baskètbòl la se $76\frac{4}{5}$ pye.

Ki longè, an pous, teren baskètbòl rektangilè a nan desen Jayden lan?

- A $\frac{5}{16}$
- B $3\frac{1}{5}$
- C 24
- D $52\frac{1}{5}$

38

Yo montre yon dyagram an bwat anba a.



Baze sou dyagram bwat la, kisa ki vre konsènan valè done 23 a?

- A Li reprezante yon pwen done ki sitiye a yon distans inabityèl parapò ak lòt pwen nan done yo.
- B Li reprezante pwen done ki parèt plis fwa nan done yo.
- C Li reprezante entèval entèkwatil done yo.
- D Li reprezante medyàn done yo.

KONTINYE

Kesyon sa a vo 1 kredi.

Mesye Morgano ale nan makèt la. Yo montre pri diferan atik nan tablo ki anba a.

PRI ATIK EPISRI YO

Pwodwi	Pri
Yon liv rezen	\$1,59
Yon liv kodenn	\$8,24
Yon pen	\$1,33
Yon galon lèt chokola	\$2,78

Mesye Morgano achte 3 liv rezen, $\frac{1}{2}$ liv kodenn, 2 pen, ak 1 galon lèt chokola. Li peye ak yon biyè \$20,00. Konbyen monnen, an dola, Mesye Morgano ta dwe resevwa?

Repons \$ _____

KONTINYE

41**Kesyon sa a vo 1 kredi.**

Senplifye konplètman ekspresyon yo montre anba a.

$$-\frac{3}{4}(4x - 8) + (x - 2)$$

Repons _____***KONTINYE***

43**Kesyon sa a vo 2 kredi.**

Yon kliyan kòmande yon gwo pitza ak 2 ganiti ak yon pitza mwayen ak 2 ganiti nan yon restoran. Pri pou pitza yo ak ganiti yo nan lis anba a.

- Gwo pitza san ganiti: \$12,50
- Pitza mwayen san ganiti: \$10,25
- Ganiti: \$1,25 chak

Yo aplike yon rabè 20% nan kòmman kliyan an. Ki pri total kòmman lan, san taks, apre rabè a?

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

Repons \$ _____

KONTINYE

Kesyon sa a vo 2 kredi.

Jim ak Devin monte bisiklèt yo pou y al rankontre lakay yon zanmi.

- Jim kouri $3\frac{1}{3}$ mil nan $\frac{1}{2}$ èdtan.
- Devin kouri $1\frac{7}{8}$ mil nan $\frac{1}{4}$ èdtan.

Ki diferans ki genyen, an mil pa èdtan, ant vitès mwayèn Jim ak Devin?

Eksplike kijan ou te rive nan repons ou a.

KONTINYE

Kesyon sa a vo 2 kredi.

Yon gwoup elèv sizyèm ane te anrejistre gou krèm glase yo pi renmen. Nou montre rezilta yo nan tablo ki anba a.

GOU KRÈM GLASE PREFERE

Gou Krèm Glase	Kantite Elèv
Vaniy	12
Chokola	8
Frèz	5
Pistach	3
Lòt	4

Baze sou rezilta yo, ki kantite elèv yo ta predi nan tout sizyèm ane a ki gen gou krèm glase yo pi renmen ki se chokola, si gen yon total 120 elèv nan sizyèm ane a?

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.


Repons _____ elèv

KONTINYE

Kesyon sa a vo 2 kredi.

Revni Eric ak Jenna nan travay yo parèt nan grafik la ak nan tablo ki anba a.

REVNI ERIC YO



REVNI JENNA YO

Èdtan, x	Revni (dola), y
3	54
6	108
9	162
12	216

Pou ki moun kantite lajan li touche a pwopòsyonèl ak kantite èdtan li travay?

Eksplike repons ou an.

KONTINYE

47**Kesyon sa a vo 2 kredi.**

Gen yon ekspresyon pi ba a.

$$\left(\frac{1}{2}\right)(-0,4) \div \left(\frac{1}{3}\right)$$

Evalye ekspresyon an.

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.***Repons*** _____***KONTINYE***

Kesyon sa a vo 3 kredi.

Nicholas te ale nan yon sal bowling. Sal bowling lan te fè Nicholas peye yon sèl frè \$3,75 pou lwe soulye ak \$5,25 pou chak match li te jwe. Ekri epi rezoud yon ekwasyon pou detèmine kantite jwèt, x , ke Nicholas te jwe si li te depanse yon total de \$30,00 sou soulye ak jwèt.

Montre kijan ou fè pou jwenn repons lan.

Repons _____ jwèt

KANPE LA

7yèm ane
Egzamen Matematik
Seyans 2
Prentan 2026

Grade 7
Mathematics Test
Session 2
Spring 2026

THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK / ALBANY, NY 12234
2026 Mathematics Tests Map to the Standards
Grade 7

Question	Type	Key	Points	Standard	Cluster	Subscore	Secondary Standard(s)
Session 1							
1	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-7.EE.4a	Expressions and Equations	Expressions and Equations	
2	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-7.NS.1b	The Number System	The Number System	
3	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-7.RP.2b	Ratios and Proportional Relationships	Ratios and Proportional Relationships	
4	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-7.NS.2c	The Number System	The Number System	
5	Multiple Choice	C	1	NGLS.Math.Content.NY-7.RP.1	Ratios and Proportional Relationships	Ratios and Proportional Relationships	
6	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-7.EE.4b	Expressions and Equations	Expressions and Equations	
7	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-7.RP.2c	Ratios and Proportional Relationships	Ratios and Proportional Relationships	
8	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-7.SP.8b	Statistics and Probability		
10	Multiple Choice	C	1	NGLS.Math.Content.NY-7.EE.3	Expressions and Equations	Expressions and Equations	
11	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-7.EE.1	Expressions and Equations	Expressions and Equations	
12	Multiple Choice	C	1	NGLS.Math.Content.NY-7.RP.3	Ratios and Proportional Relationships	Ratios and Proportional Relationships	
13	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-7.RP.2d	Ratios and Proportional Relationships	Ratios and Proportional Relationships	
14	Multiple Choice	A	1	NGLS.Math.Content.NY-7.SP.4	Statistics and Probability		
15	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-7.NS.2c	The Number System	The Number System	
17	Multiple Choice	C	1	NGLS.Math.Content.NY-7.RP.3	Ratios and Proportional Relationships	Ratios and Proportional Relationships	
18	Multiple Choice	C	1	NGLS.Math.Content.NY-7.SP.3	Statistics and Probability		
19	Multiple Choice	A	1	NGLS.Math.Content.NY-7.RP.2a	Ratios and Proportional Relationships	Ratios and Proportional Relationships	
20	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-7.EE.4a	Expressions and Equations	Expressions and Equations	
21	Multiple Choice	C	1	NGLS.Math.Content.NY-7.EE.4b	Expressions and Equations	Expressions and Equations	
22	Multiple Choice	A	1	NGLS.Math.Content.NY-7.G.1	Geometry		
23	Multiple Choice	C	1	NGLS.Math.Content.NY-7.EE.1	Expressions and Equations	Expressions and Equations	
25	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-7.EE.3	Expressions and Equations	Expressions and Equations	
26	Multiple Choice	A	1	NGLS.Math.Content.NY-7.NS.3	The Number System	The Number System	
27	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-7.RP.2d	Ratios and Proportional Relationships	Ratios and Proportional Relationships	
29	Multiple Choice	A	1	NGLS.Math.Content.NY-7.NS.3	The Number System	The Number System	
30	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-6.SP.5b	Statistics and Probability		
31	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-7.NS.1a	The Number System	The Number System	
32	Multiple Choice	C	1	NGLS.Math.Content.NY-7.EE.1	Expressions and Equations	Expressions and Equations	
Session 2							
33	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-7.RP.2c	Ratios and Proportional Relationships	Ratios and Proportional Relationships	
34	Multiple Choice	D	1	NGLS.Math.Content.NY-7.NS.2b	The Number System	The Number System	
35	Multiple Choice	C	1	NGLS.Math.Content.NY-7.RP.2b	Ratios and Proportional Relationships	Ratios and Proportional Relationships	
36	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-7.EE.2	Expressions and Equations	Expressions and Equations	
37	Multiple Choice	B	1	NGLS.Math.Content.NY-7.G.1	Geometry		
38	Multiple Choice	A	1	NGLS.Math.Content.NY-7.SP.1	Statistics and Probability		
40	Constructed Response		1	NGLS.Math.Content.NY-7.NS.3	The Number System	The Number System	
41	Constructed Response		1	NGLS.Math.Content.NY-7.EE.1	Expressions and Equations	Expressions and Equations	
43	Constructed Response		2	NGLS.Math.Content.NY-7.EE.3	Expressions and Equations	Expressions and Equations	NGLS.Math.Content.NY-7.RP.3
44	Constructed Response		2	NGLS.Math.Content.NY-7.RP.1	Ratios and Proportional Relationships	Ratios and Proportional Relationships	
45	Constructed Response		2	NGLS.Math.Content.NY-6.SP.7	Statistics and Probability		
46	Constructed Response		2	NGLS.Math.Content.NY-7.RP.2a	Ratios and Proportional Relationships	Ratios and Proportional Relationships	
47	Constructed Response		2	NGLS.Math.Content.NY-7.NS.2c	The Number System	The Number System	
48	Constructed Response		3	NGLS.Math.Content.NY-7.EE.4a	Expressions and Equations	Expressions and Equations	

*This item map is intended to identify the primary analytic skills necessary to successfully answer each question. However, some questions measure proficiencies described in multiple standards, including a balanced combination of procedural and conceptual understanding.